# M.NIZANOVTIŃ «EKI QANXOR» SHIǴARMASINDA QAHARMAN OBRAZINIŃ JARATILIWI

***Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı***
*Berdaq atındaǵı QMU magistrantı*
*Elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

**Annotaciya**. Bul maqalada belgili qaraqalpaq jazıwshısı M.Nızanovtıń «Eki qanxor» shıǵarmasındaǵı qaharman obrazlarınıń jaratılıw ózgeshelikleri, olardıń xarakterin ashıwdaǵı jazıwshı sheberligi hám kórkemlik usılları analizlenedi. Shıǵarmadaǵı personajlardıń psixologiyalıq portreti, satiralıq hám yumorıstikalıq tásirler, sotsiallıq tipifikatsiya hám personajlar tiliniń ózine tánligi mısallar menen ashıp berilgen. Jazıwshınıń qaharmanlar obrazı arqalı jámiyettegi unamsız illetlerdi áshkara etiwdegi ideyalıq maqseti hám avtor poziciyası ilmiy tárepten analizlenedi.

**Gilt sózler:** M.Nızanov, «Eki qanxor», qaharman obrazı, xarakter, satira, ironiya, psixologiyalıq portret, sotsiallıq tip, kórkem sheberlik, dialog.

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı I.Yusupov kórkem obraz jaratıwdıń shártlerin tómendegishe aytadı; «Jurnalist dáwir ruwhın qálbine sińdiriw menen anıq is-háreket, faktler ańlıydı hám solar arqalı is-háreket súwretlemesin beredi. Jazıwshınıń oylaw, obraz jaratıw usılı basqasha; ol dáwir ruwhın sana-sezimine sińdirip alıp, sol zaman adamınıń minez-qulqı, oy-pikiri, maqseti, umıtılısı, psixologiyası, onı qorshaǵan jámiyet hám tábiyat qubılısların úyrenip, óz júrek seziminen ótkizedi»[1].

Mine usı kóz qarastan kelip shıǵıp M.Nızanov prozalıq shıǵarmalarında sońǵı waqıtları ushırasıp atırǵan waqıyalardı súwretlewde, qaharman obrazın jasawda avtordıń sheberliginiń gúwası bolamız.

M.Nızanovtıń «Eki qanxor» povesti avtordıń realistlik prozadaǵı birinshi qádemi. Ol óz povestinde jámiyetlik turmısımızda sońǵı waqıtları ushırasıp atırǵan qubılıslardı sáwlelendiredi. Povest qaharmanları Miyirbek, Oleg, Oralbay atlı jigitler. Lekin, olar qanxor emes, jınayatqa májbúriy túrde qol urǵanlar. Birinshi qanxor Miyirbek. Ol júdá álpayım, shıbınǵa da azar bermeytuǵın, erke, tartınshaq rólinde berilgen. Biz, bul Miyirbek obrazı arqalı házirgi dáwirde de Miyirbektey tartınshaq, uyalshaq jigitlerdiń bar ekenligin kóriwimizge boladı. Bul Miyirbek obrazınıń tartınshaq, mómin kisi ekenligin tómendegi óz sózleri arqalı kóre alamız.

Bálkim, yaratqannıń ózi mómin bendesine rehim názeri túsip, ot ishinde paxtanı aman saqlar. Onı sizler menen házir bastan keshirip atırǵan sońǵı demlerim sheshedi.

[1] Әй уақыт! Бол, бол. Жебеўшим… Өзбекистан қаҳарманы, шайыр Ибрайым Юсупов пенен сәўбет. «Еркин Қарақалпақстан» 4-ноябрь, 2004-жыл. №133

Biraq, sonı aytıwım kerek, men ómirim tuwıp, shıbınǵa xazar bergen jan emespen. Búginligi on eki jıl qoslas bolǵan, kórgenlerdiń awzınan suwı qurıytuǵın, ay dese awzı, kún dese kózi bar jigirma jeti jasar názelimdi óltirip, qolım qanǵa bılǵanıp kelip otırman. Men haqıyqatında sol hayaldın teńi me edim? Yaq, xesh qashan teńi bola almayman, hám bola amadım da. Sebebi, men jaratılısımnan oǵada músápir, tartınshaq bolıp dúnyaǵa keldim. Qatar-qurbılarım meni «mómin» dep shaqırar edi.[2]

Bul qatarlarda Miyirbek obrazınıń xarakteriniń ayqın ashıp berilgenligin, hátteki doslarıda onı mómin dep shaqıratuǵınlıǵın aytıp ótken. Jazıwshı Miyirbektiń tartınshaqlıǵınıń sebebinen de ómirlik joldas tańlawda bazı kem qıyınshılıqlarǵa da ushıraǵanlıǵın, qızlarǵa bir awız sóz ayta almaytuǵınlıǵın ashıp bere alǵan. Ol óziniń natıqlıǵı sebebinen qızlar menen bir neshe márte ushırawısǵa da shıqqan.

Jazıwshı M.Nızanov obraz  jaratıwdaǵı sheberligin satirik bolǵanlıǵı ushın da onıń kópshilik dóretpeleri yumorlıq baǵıtqa qurılǵan boladı. Bul povest dawamında da onıń azı-kem orınlarda bul usıldan da sheberlik penen, ornı menen qollanılǵanınıń gúwası bolamız. Máselen, mına qatarlarǵa itibar qarasaq: «taǵı bir saparı bir qız benen ushırasıwǵa keliskenbiz, wádeli qız waqtında keldi. Lekin, men úndemedim, ol da úndemedi. Ekewimiz álle nemirge deyin tım-tırıs turǵanbız. Keyin qız: -Siz  usı jerde siz turıp turıń, men dúkannan músin alıp keleyin dep ketti. Onı sol kúni namazlıgerge shekem kúttim, keyin oylap kórsem, seniń músinnen ne parqıń bar ? « - dep ketken eken[3]. Bul povestti jazıwda avtor óziniń yumorlıq baǵıttaǵı sheberliginen paydalanǵan. Povest ashshı haqıyqatlıqqa qurılǵan waqıyadan ibarat bolsa da avtor yumorlıq baǵıttaǵı tájriybesinen sheberlik penen paydalanǵan.

Povestte Miyirbek ózi qızlar menen sóylesip ushırasıwǵa shaqıra almaǵanlıǵı ushın hár saparı awılındaǵı Sapaŕgaliy brigadın aldına salıp alıp barǵanlıǵın tómendegi qatarlardan kóremiz.

-Men Sapaŕgaliydi aldıma salıp, Qarlıbay temirshiniń úyine qaray jol aldım. Olardıń awılı piyadaǵa yarım mezgillik jol edi. «Sóylesip baramız» dep hesh kólikke minbedik. Sapaŕgaliy maǵan baraman degenshe úyrenshikli wazın taǵı oqıdı.

Bul seniń aqırǵı talpınıwıń, Miyirbek qosshım, ǵapılda qalma. Eger usınnan bos qalsań, bináy ómirinde nasharǵa názeriń túspeydi. Men seniń aldıńa túsip, el gezbeymen, dedi[4].

Awılınıń brigadı Sapaŕgaliyda Miyirbekten usı waqıtqa shekm nátiyje shıqpaǵanlıǵı sebepli endi usı aqırǵı talpınıwıń, eger bunnan da bos qalsań, keyin men seni basqa qız benen kóristiriwge shıqpayman dep onı usı qız benen sóylesip til tabısıp ketiwine itilekleslik bildirip atır.

Ekinshi qanxor bul-Oleg. Ol jaslayınan jetimxanada tárbiyalanǵan bolıp, sol balalıq dáwiri usı jerde ótkeredi. Aylanıwǵa kóshege shıqsa ata-anası menen bazarda

[2] Нызанов М.Таңламалы шығармалары IV том. Нөкис, «Билим» баспасы, 2015.129-b.
[3] Нызанов М.Таңламалы шығармалары IV том. Нөкис, «Билим» баспасы, 2015.130-b.
[4] Нызанов М.Таңламалы шығармалары IV том. Нөкис, «Билим» баспасы, 2015.131-b.

júrgen balalardı kórip háwes qılıp kishkene waqtınan olda ata-anasınıń bolıwın qumsaydı. Keyin ala, ol Tashkentke oqıwǵa ketedi. Oqıwǵa kire almaǵanlıǵı sebepli bir apaydıń úyinde jasaydı. Sol balası Moskvaǵa oqıwǵa ketkenligi sebepli sol jerde turadı. Sol úyde jasap júrgen waqıtlarında jumıs islep marshutlarda konduktor bolıp aqsha tawa baslaydı. Bir kúni jumıs islep júrgen waqtında tramvayda úsh qız benen sáwbetlesip bolıp, olardıń úshewi de bıyıl oqıwǵa kirgen. Birinshisi-Roza medicina institutına, ekinshisi-Almagúl koncervatoryaǵa, al úshinshisi-Genjegúl bolsa ádebiyat institutına.

-Oleg:

Usınday múmkinshilik mende de bar edi ǵoy. Biraq, men onnan paydalanbadım. Bir esaptan, paydalanbaǵanıma ishimnen quwandım da! Sebebi, adamlardıń ózine degen ayanısh sezimlerin oyatıw ne degen biyshara awhal! Onnan da qáddimdi tik uslap, bilimsiz júrgenim abzal. Ayap kirgizgen oqıw maǵan bilim bolmaydı. Biraq, men ózimdi qanshelli márdana tutaman, qanshelli begligimdi buzbayman desem de onı kelistire almas edim. Sebebi, meniń arqa súyer diywalım joq. Ótirikti bolsa kelistirip ayta almayman. Dasturqan basında qızlar menen bolǵan tanısıwda ózimniń barlıq hal-jaǵdayımdı jasırmay aytıwǵa májbúr boldım. Olar biraz waqıtqa deyin únsiz qaldı.

Qapa bolma, dedi soń Genjegúl maǵan táselle berip. Ol meni tramvayda ushıratıp, mirát etip kelgen qız edi.

Mine, endi jalǵız emesseń, doslarıń bar. Hesh kim ata-enesin beline baylap júrmeydi. Kúnlerdiń kúni kelgende hámmemizdiń basımızǵa da jetimlik túsedi. Sonıń ushın, «bes kúnim-xosh kúnim» dep, waqtındı xosh et, teatrlarǵa bar, kino kór. Kúnde keliwge uyalsań, kún aradan bizler betke kelip tur. Biz seni hesh waqıtta jatırqamaymız.

Gúrrińlesip otırıp, awqat tayar bolıp qalǵanın da sezbeppiz. Roza lágen menen quman ákelip meniń aldıma qoydı.

–Bunı ne qılaman? dedim men túsinbey. Qolıńızdı juwıń, awqat tayar boldı.

–Awqattı qasıq penen jemeymiz be?

–Yaq. Awıldaǵıday gúrtik isledik.

Onnan artıq qazbalay bermey qolımdı juwdım. Gúrtikti men de biler edim, biraq, bizler onı balalar úyinde sorpası menen qosıp, qasıq penen isher edik.

Awqattı basladıq. Biraq, bul meni úlken qısınıspaǵa túsirdi. Gúrtik hesh qolımda turmas, sonıń ushın dáslep góshin jep alıp, keyin gúrtikti bir qolım menen uslap, túsip ketpewi ushın ekinshi qolımnıń alaqanın astına tutar edim. Sonıń ózinde gúrtikten biri gá dasturqanǵa, gá ayaǵıma túsip ketedi. Biraq, endi qızlar oǵan burınǵıday pıqıldap kúlmes, kerisinshe meniń aldımdaǵı awqattı jayıńqırap qoyar, sorpanı bolsa eki kesa menen sapıstırıp suwıtıp usınar edi[5].

[5] Ныaward

Biz, bul qatarlar arqalı Olegtiń hámme nársege óziniń kúshi, qara miyneti arqalı erisip, sol arqalı nan jewin, ózin adamlarǵa biyshara qılıp kórsetkisi kelmegenligin, jáne de biytanıs úsh qızdıń miyirbanshılıǵı, Olegke degen mehri ashıp berilgen. Olegtiń ata-anasınıń ómirden kóz jumǵanlıǵın esitken Genjegúl oǵan táselle beredi. Báribir hámme de erteńgi kúni turmaydı. Hámmege de jetimlik kúni basına túsetuǵınlıǵın aytıp, kewlin alıwǵa háreket etti. Sen endi jalǵız emesseń, mine, dosların bar dep Olegti qollap-quwatlawı povestte jaqsı ashılǵan.

Olegtiń Genjegúlge kóz-qaraslarınıń bir-birine basqasha ekenligin ańlap, onıń menen turmıs quradı. Genjegúldiń úyine barıp  birge jasaydı. Óziniń atın Oralbay dep ózgertedi.  Genjegúldiń ákesiniń qoy-eshkileri baǵıp úyindegi jumıslarǵa qarasadı. Bir kúni, qoy-eshkilerine itibarsızlıq pepen qaraǵanı ushın Genjegúldiń ákesi Oralbaydı da, Genjegúldi de ólesi qılıp, urıp sabaydı. Oralbay bunnan zorǵa qashıp qutıladı. Biraq Genjegúldiń ólimi menen juwmaqlanadı. Genjegúldiń hátteki qarnındaǵı balası da nabıt boladı.

Bunnan keyin Oralbay jumıs islep júrgen kúnleriniń birinde Sáwle isimli qızdı ushıratıp, ol menen turmıs quradı. Turmıs qurmasınan aldın qasında birge isleytuǵın dostı bul háyeldiń jaqsı emesligin, jasınıń úlken ekenligin aytsa da Oralbay oǵan qulaq aspaydı. Sáwleniń barlıqbay degen balasınıń sende ólip qalmaysańba?  Degen sorawına onsha itibar bermeydi. Sáwle Oralbay menen qıdıqlaspaq oynar edi. Bir kúni Sáwle Oralbaydı daroshklaǵa orap taslaǵanınan ólim qáwpiniń jaqınlaǵanın, jáne de balaların bir háptege sáwleniń úyine taslap ketkenligi, balası Barlıqbaydıń da bizler baraman degenge shekem  ólip qalma aǵa degen gápleriniń barlıǵın oy eleginen ótkerip, bir qorqınıshlı sezim payda boldı. Sáwle tabanınan qıdıqlay beredi. Oralbaydıń ishek silesi qatıp kúledi hám oló maqsetin túsinip ózin óldige salıp  kúlmey qaladı. Sáwle daroshkanı tewip jiberedi. Oralbaydıń tikeyip túrgelgenin kórip, - haw,  sen tirimediń deydi. Sonnan Sáwle qashıwǵa urǵan waqıtta Oralbay  asxana da turǵan mıltıqtı alıp atadı. Bul arqalı Oralbaydıń ózin ólimnen qutqarıwın, jáne de jınayattıń azayıwına alıp kelgenligin kóremiz.

Juwmaqlap aytqanda, Oralbay obrazı da, Miyirbek obrazı da ózleriniń ómirin, namısın qorǵawǵa urınǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Bul eki obrazdıń jaratılıwında qanshadan-qansha miynet, sheberlik jatqanın kóremiz. Eki qanxordıń olardı óltiriwde májbúr bolǵanlıǵın, jortaǵa qılmaǵanlıǵın túsiniwge boladı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:


1. Әй уақыт! Бол, бол. Жебеўшим… Өзбекистан қаҳарманы, шайыр Ибрайым Юсупов пенен сәўбет. «Еркин Қарақалпақстан» 4-ноябрь, 2004-жыл. №133.
2. Нызанов М.Таңламалы шығармалары IV том. Нөкис, «Билим» баспасы, 2015.174-b.
3. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы («XX әсир қарақалпақ әдебияты» пәнинен қосымша оқыў қолланбасы). Нөкис, 2003.